

TOU AZIÈM PATI

Lavi nan Kris-la

DÉZIÈM SÉKSION

Dis kòmandman-yo

DÉZIÈM CHAPIT

« Sé pou rinmin prochin-ou tankou pròp
tèt-ou »

ATIK 6

Sizièm kòmandman-an

« Ou pap fè adiltè » (Ex 20, 14)

« Nou té tandé yo té di : “Pa fè adiltè”. Mouin minm mouin di nou : Tout moun ki gadé yon madanm pou-l anvi li, li déjà fè adiltè avèk li nan kè-l » (Mt 5, 27-28)

369-373

I. « Gason ak fi, li kréyé yo... »

2331

« Bondié sé rinmin épi nan Li-minm l-ap viv apati mistè kominion rinmin pèrsòn-yo. Antan dapré pòtré-l [...] li kréyé natu moun-nan gason ak fi, Bondié mété nan li yon *vokasyon*, sètadi yon kapasité (pouvoua) ak yon réponsabilité (dévoua) ki korésponn, ki fè youn ak konsians-la, *pou rinmin* épi pou *kominion* » (FC 11).

1604

« Bondié kréyé moun-nan sou pòtré-l ; [...] gason ak fi li kréyé yo » (Gn 1, 27) ; « Dévlopé, vîn anpil » (Gn 1, 28) ; « Jou Bondié té kréyé moun-nan, dapré résanblans Bondié li té fè-l. Gason ak fi li té kréyé yo épi li té béni yo ; li rélé non yo Adan, jou li kréyé yo-a » (Gn 5, 1-2).

2332

Séksualité-a gin infliyans sou tout dimansion moun-nan, nan kò-l ak nanm-li ki fè youn. Li konsèné aféktivité-a an patikilié, kapasité pou

- 362 rinmin épi transmèt lavi-a, épi, yon fason pi jénéral, kapasité pou établi rélation kominion ak lòt-yo.
- 2333 Sé responsabilité chak moun, gason oubyin fi, pou-l rékonèt épi aksépté *idantité* séksuèl-li. *Diférans* ak *konplémantarité* fizik, moral épi spirituèl-yo fèt pou byin mariaj-la ak dévlopman lavi nan fanmi-an. Bòn antant ni moun ki marié yo ni sosiété-a dépann an pati dé fason yo viv
- 1603 konplémantarité ant sèks-yo, bézouin youn gin pou lòt ak apui youn bay lòt.
- 2334 « Antan Bondié kréyé moun-nan “gason ak fi ”, li ba yo égal dignité kòm ‘pèrsòn’ ni gason ni fi » (FC 22 ; cf. GS 49, § 2). « Moun-nan sé yon ‘pèrsòn’ nan minm mézi pou gason-an ak pou fi-a, paské toulèdé sé dapré pòtré ak résanblans yon Bondié ki ‘pèrsònèl’ yo kréyé yo » (MD 6).
- 357
- 2335 Toulèdé sèks-yo, ak égal dignité, minm si sé nan yon fason diféran, yo sé pòtré puisans ak tandrès Bondié. Lè *gason-an ak fi-a fè youn* nan mariaj-la sé yon fason pou, nan chè-a, yo imité Kréatè-a dapré ouvèti kè-a
- 2205 ak rivé donnin frui-a (jénérozité ak fékondité) : « Sé pousa mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li ; épi yo toulèdé ap yon sèl chè » (Gn 2, 24). Sé nan inion sa-a tout désandans moun-yo soti (cf. Gn 4, 1-2 ; 25-26 ; 5, 1).
- 2336 Jézu té vîn fè kréasion-an rétonnin nan klèté orijîn-li. Nan sèmon sou mòn-nan, li intèprété projè Bondié-a ak présizion : « Nou té tandé yo té di : “Pa fè mové plézi”. Mouin minm mouin di nou : Tout moun ki gadé yon madanm pou-l anvil, li déjà fè mové plézi avèk li nan kè li » (Mt 5, 27-28). Moun-nan pa doué séparé sa Bondié mété ansanm (cf. Mt 19, 6).
- 1614
- Jan Tradision l’Égliz-la konprann li, sizièm kòmandman-an anbrasé tout réalité séksualité moun-nan.

II. Vokasion pou vi séksuèl byin réglé-a (chasteté)

- 2337 Vi séksuèl byin réglé-a (chasteté-a) sa vlé di réyisi intégré séksualité-a nan pèsonalité moun-nan pou konsa moun-nan rivé fè youn sou paranndan ni nan kò-l ni nan léspri-l. Séksualité-a, antan-l montré kijan moun-nan fè pati réalité ki gin kò-yo épi ki vivan-yo, li vîn byin chita nan pèsonalité-l pou-l ka moun tout bon vré lè li intégré nan yon rélation moun ak moun, lè yon gason ak yon fi bay youn lòt tèt yo toutantié san limit nan tan-an.
- 2520

Anndan fòs kalité vi séksuèl byin réglé-a (vertu de chasteté) gin intégrité moun-nan épi don total li fè bay lòt-la.

Intégrité moun-nan (Tout sa moun-nan yé, tou sa-l ginyin an antié)

- 2338 Moun ki viv séksualité byin réglé-a (chast), li kinbé intégrité fòs lavi ak rinmin ki dépozé nan li-yo. Intégrité sa-a garanti inité moun-nan, li

konbat tout konpòtman ki t-a blésé inité sa-a. Li pa toléré ni doub vi ni doub langaj (cf. Mt 5, 37).

- 2339 Vi séksuèl byin réglé-a (chasteté) mandé pou *aprann métrizé pròp tèt-ou*, sa sé yon ‘pédagoji’ pou moun-nan rivé viv nan libèté kòm moun. Altènatif-la klè: oubyin moun-nan kòmandé pasion-l yo épi li rivé gin lapè, oubyin li kite pasion-l yo fè-l tounin ésklav épi li nan malè (cf. Si 1, 22). « Dignité moun-nan mandé-l pou-l aji dapré désizyon li pran antan-l konsian épi lib, antan sé yon konviksyon pèsoneèl ki pousé-l, ki détèminé-l, pa sèlman anba konsékans instin k-ap pousé-l oubyin sé fòsé yo fòsé-l sou pa déyò. Moun-nan rivé nan dignité sa-a lè, antan li délivré pròp tèt-li anba tout ésklavaj pasion-l yo, gras a chouazi li chouazi sa-k byin-an san yo pa fòsé-l, li maché nan diréksyon sa-l fèt pou li-a épi li fè éfò chèché jouinn mouayin ki adapté pou-l rivé la éféktivman ak ladrès intèlijans-li » (GS 17).
- 1767
- 2340 Moun ki vlé rété fidèl nan promès Batèm-li épi rézisté kont tantasyon-yo, li doué véyé pou-l pran *mouayin*-yo k-ap minnin-l nan sa: konésans pròp tèt-li, pratiké yon disiplin (ascèse) ki adapté ak kondisyon lavi-l, obéyi kòmandman Bondié yo, dévlopé vètu moral-yo épi rété fidèl nan priyè-a. « Palintèmediè kontinans-la nou vîn rékonpozé épi nou rétonnin vîn nan inité sa-a nou té pèdi-a lè nou té gayé nan plizie bagay » (S. Ogustin, conf. 10, 29).
- 2015
- 2341 Fòs kalité vi séksuèl byin réglé-a (vertu de chasteté), li dépann dé fòs kalité ki sèvi kòm yon gon k-ap kinbé pòt-la (vertu cardinale) yo rélé *tanpérans*-la, sé li ki chèché mété lòd rézon-an nan pasion-yo ak nan apéti sansibilité moun-nan.
- 1809
- 2342 Métrizé pròp tèt ou-a sé yon *travay long ki mandé pèsévérans*. Nou pa doué janm konsidéré nou fîn ginyin-l nèt alé. Li mandé pou rékòmansé fè éfò nan tout etap lavi-a (cf. Tit 2, 1-6). Éfò li mandé-a kapab pi égzijan nan kèk épòk, sé konsa lè pèsonalité moun-nan ap pran fòm-li, pandan li timoun ak lè li jèn.
- 407
- 2343 Vi séksuèl byin réglé-a (chasteté-a) gin *prinsip kouasans* pa-l ki pasé nan divès dégré koté li pa fîn apouin épi trò souvan péché-a maké-l. Moun ki viv byin réglé-a épi k-ap fè éfò nan bon kalité-yo « jou apré jou l-ap konstoui pròp tèt-li apati anpil désizyon li pran : konsa, li konnin, li rinmin épi li akonpli byin moral-la dapré divès etap kouasans li » (FC 9).
- 2223
- 2344 Viv byin réglé nan séksualité-a (chasteté-a) sé yon *travay pèsoneèl* avantou, min tou li mandé yon *éfò kulturèl*, paské vrèman « yo ouè dévlopman moun-nan ak kouasans sosiété-a li-minm, youn dépann dé lòt » (GS 25, § 1). Rivé kinbé yon vi séksuèl byin réglé sipozé yo respékté doua moun-nan, an patikilié doua pou-l résévoua yon infòmasyon ak yon édikasyon ki respékté dimansyon moral ak dimansyon spirituèl lavi-l kòm moun.
- 2525

2345 Vi séksuèl byin réglé-a sé yon fòs kalité moral. Min li sé yon don
1810 Bondié tou, yon *gras*, yon frui travay spirituèl-la (cf. Ga 5, 22). Éspri-Sin-
an bay moun ki gin nouvo nésans nan dlo Batèm-nan kapasité pou-l imité
Kris-la ki pròp nèt (cf. 1 Jn 3, 3).

Don intégral pròp tèt ou bay lòt-la

2346 Charité-a sé li ki pèfeksioné tout bon kalité yo – li fòmé yo. Anba
1827 infliyans li, vi séksuèl byin réglé-a (chasteté-a) vîn tounin yon lékòl koté
moun-nan aprann bay pròp tèt-li. Métrizé pròp tèt-ou sé pou kapab rivé
bay pròp tèt-ou. Vi séksuèl byin réglé-a (chasteté-a) fè moun ki pratiké-l
210 la tounin yon témouin fidéлитé ak tandrès Bondié dévan prochin-l yo.

2347 Fòs kalité vi séksuèl byin réglé-a (la vertu de chasteté) dévlopé anndan
374 *amitié-a (vlé ouè byin pou zanmi-yo)*. Li montré disip-la kòman pou-l suiv
épi imité Sa-a ki té chouazi nou kòm pròp zanmi pa-l (cf. Jn 15, 15), ki té
ba nou tèt-li nèt épi ki fè nou patisipé nan kondision Bondié-l la. Vi
séksuèl byin réglé-a (chasteté-a) gin promès nou pap janm mouri-a ladan-
l.

Vi séksuèl byin réglé-a (chasteté-a) manifésté sitou nan *amitié pou
prochin-an (rinmin prochin-an / vlé ouè byin pou prochin-an)*. Amitié-a
ka grandi ant moun ki minm sèks oubyin sèks diféran, sé yon gran byin li
yé pou tout moun. Li fè moun-yo rivé fè youn sou plan spirituèl.

Diféran fòm vi séksuèl byin réglé-a (Les divers régimes de la chasteté)

2348 Tout moun ki batizé, Bondié rélé-l pou-l viv byin réglé nan séksualité-
a (appelé à la chasteté). Krétyin-an « abiyé ak Kris-la » (Ga 3, 27), se li-
minm ki modèl tout vi séksuèl byin réglé (chasteté). Tout fidèl Kris-la gin
vokasion pou yo byin réglé séksualité yo dapré pròp kondision lavi y-ap
minnin-an. Nan moman Batèm li, krétyin-an angajé-l pou-l viv aféktivité-l
yon fason byin réglé.

2349 Ak vi séksuèl byin réglé-a (chasteté-a) « moun-yo doué fè onè-réspè
1620 diféran kondision lavi y-ap minnin-yo : ginyin sé nan virjinité oubyin
séliba konsakré-a, fason ki pi ro pou yon moun bay Bondié pròp tèt-li pi
fasilman ak yon kè ki pa divizé; gin lòt sé nan fason laloua moral-la
détèminé pou tout moun-yo dapré si yo marié oubyin sélibatè” (CDF,
déklarasion “*Persona humana*” 11). Moun ki marié-yo gin vokasion pou
viv yon séksualité byin réglé nan mariaj-la; lòt-yo viv séksualité byin
réglé-a nan kontinans-la:

Gin toua fòm bon kalité vi séksuèl byin réglé-a: youn sé pou mariaj-la, lòt la
pou sa-k vèf-yo, touazièm-nan pou virjinité-a ; nou pa fè louanj youn antan
nou réjté lòt-yo. [...] Sé sa-k fè richès disiplin l’Égliz-la (S. Anbrouaz, vid.
23: PL 153, 255A).

2350 *Fiyansé-yo* gin pou yo viv séksualité byin réglé-a nan kontinans-la. Sé
1632 pou yo ouè nan égzèsis sa-a yon fason pou yo dékouvri kijan youn doué
respékté lòt, pou yo aprann sa fidélté-a yé épi pou yo grandi nan éspérans
sé nan min Bondié youn ap résévoua lòt. Tout jès tandrès ki pròp pou
manifesté amou ant épou-yo, y-ap kite yo an rézèv pou tan mariaj-la.
Youn ap édé lòt grandi nan viv yon séksualité byin réglé.

Kout-ba yo bay viv séksualité byin réglé-a (Les offenses à la chasteté)

2351 *Libètinaj séksuèl-la (luxure)* sé souaf plézi lachè yon fason dézòdoné
oubyin joui plézi sa-a yon fason déréglé. Plézi séksuèl-la dézòdoné
moralman lè sé li-minm sèl y-ap chèché antan yo séparé-l ak finalité-l yo
sètadi transmèt lavi épi fè épou-yo vîn fè youn.

2352 Yo rélé « *masturbation* » (pran plézi séksuèl pou kont ou) lè moun-nan
desidé volontèman pou-l éksité ògàn jénital-yo pou-l ka jouinn plézi
lachè-a. « Réyéلمان vré ni Majisté l'Égliz la – dapré lign yon tradision ki
pa janm chanjé – ni konviksion moral fidèl-yo san ézité kinbé byin fèm
nan konsidéré “masturbation”-an (pran plézi séksuèl pou kont ou) sé yon
akt ki gravman dézòdoné nan li-minm minm ». « Kèlkésoua rézon ki fè yo
fè-l, sèvi yon fason délibéré ak kapasité séksuèl-la andéyò rapò nòmral ant
épou-yo sé yon bagay ki ésansyéلمان kontrè ak sa-l fèt pou li-a ». Lè sa-a
y-ap chèché jouisans plézi séksuèl-la andéyò rélasion séksuèl « ki
korésponn ak sa lòd moral-la mandé-a, sètadi pou sé nan kontèks yon
véritab rinmin signifkasion rélasion sa-a réalizé intégralman nan bay
youn bay lòt-la pròp tèt-li nèl épi nan transmèt lavi-a bay pitit yo » (CDF,
décl. "Persona humana" 9).

Pou kapab rivé ouè nivo résponsabilité moral moun-yo ak yon jijman
ékilibré épi pou orienté aksion pastoral-la yon fason di douat, sé pou yo
konsidéré si sou plan aféktivité-a moun-nan pa rété nan yon stad ki pa
dévolpé malgré laj-li (*immaturitas affectiva*), si abitud li fîn pran yo gin
anpil fòs, si éta dépréssion ap pézé-l épi si pa gin lòt faktè psikolojik
oubyin sosial ki t-a kapab aléjé poua koupab fot moral-la koupab-la
oubyin pétèt diminué-l anpil.

2353 *Fònikasion-an* sé plézi lachè andéyò mariaj ant yon gason ak yon fi ki
lib. Li vrèman kontrè ak dignité moun-yo épi ak natu séksualité moun-nan
ki fèt pou byin épou-yo, pou rivé fè pitit épi pou édiké yo. An plis sé yon
gro skandal lè sé jèn y-ap koronpi.

2354 *Pònografi-a* sé lè ou pran akt séksuèl ki réyé l oubyin ki sanblé réyé l
2523 épi ou mété yo andéyò intimité sa k-ap fè-l yo pou égzibé yo bay lòt moun
volontèman. Sé yon gro obstak kont vi séksuèl byin réglé-a paské li
dénatiré akt konjugal-la, don intim épou yo fè youn bay lòt la. Li
déréspékté dignité moun k-ap fè-l yo yon fason grav (aktè yo, komèsan
yo, piblik-la), paské yo chak vîn tounin tankou yon bagay pou pran vié

plézi tèratè épi yon mouayin pou fè lajan ki pa kòrèk. Li fè ni youn ni lòt plonjé nan manti yon réalité ki san fondman. Sé yon fot grav. Otorité sivil-yo doué anpèché prodiksyon ak distribisyon matérièl pònografik.

2355 *Prostitution*-an sé dégradasyon dignité moun k-ap fè-l, paské yo rédui-l fè-l tounin yon sinp chè y-ap pran plézi ladan-l. Moun k-ap péyé pou sa-a fè yon péché grav kont pròp tèt pa-l : li kasé angajman vi séksuèl byin réglé li té pran nan Batèm li-an épi li sal pròp kò-l ki tanp l'Éspri-Sin-an (cf. 1 Co 6, 15-20). Prostitution-an sé yon kalamité sosyal. An jénéral sé médam-yo ki viktim, min gin gason tou ak timoun piti oubyin jèn moun (nan dé dènié ka sa yo, péché-a doublé ak yon skandal). Minm si li toujou yon péché grav pou lagé kò-ou nan prostitution, fot moral-la kapab mouins koupab poutèt lamizè, ménas oubyin présion sosyal moun-nan ap sibi.

2356 *Viòl*-la sé lè yo fòsé intimité séksuèl yon moun ak violans. Sé yon atak kont jistis-la ak charité-a. Viòl-la pilonnin doua chak moun ginyin pou yo respékté-l, pou-l lib, pou yo pa diminué-l ni fizikman ni moralman. Sé yon domaj grav ki ka maké moun ki viktim-nan pandan tout lavi-l. Sé toujou yon mové zak li yé nan li-minm (intrinsece malus). Viòl-la pi grav toujou lè sé pròch paran-yo ki fè-l (cf. insèst) oubyin édikaté aléga timoun ki sou responsabilité yo.

Vi séksuèl byin réglé-a épi rapò ant moun minm sèks (Chasteté et homosexualité)

2357 Omoséksualité-a sé konsa yo rélé rélasion ant gason oubyin fi ki gin yon atirans séksuèl éksklizif oubyin prédominan pou moun ki minm sèks avèk yo. Sa pran diféran fòm nan divès périòd ak kilti. Gin anpil aspè yo poko fîn ékspliké sou orijîn psikolojik-li. Antan li apuiyé sou Sint-Ékritura ki prezanté bagay sa yo kòm gro depravasyon (cf. Gn 19, 1-29 ; Rm 1, 24-27 ; 1 Co 6, 10 ; 1 Tm 1, 10), Tradisyon l'Égliz-la toujou déklaré « akt omoséksuèl-yo dézòdoné nan yo minm minm » (CDF, décl. "Persona humana" 8). Yo kontrè ak loua natirèl la. Yo fèmin akt séksuèl-la parapò a posibilité transmèt lavi-a. Yo pa soti nan yon vrè konplémentarité aféktif oubyin séksuèl. Yo pa kapab aprouvé yo nan okinn ka.

2358 Gin yon kantité gason ak fi ki sanblé gin tandans omoséksuèl byin anrasiné. Inklinasyon sa-a, ki dézòdoné sou plan natirèl-la, sé yon gran soufrans pou laplipa nan yo. Sé pou yo akéyi yo ak respè, konpasion épi ak délikatès. Sé pou yo évité tout sign diskriminasyon ki pa kòrèk aléga yo. Moun sa-yo gin pou yo fè volonté Bondié nan lavi yo, épi si sé krétyin yo yé, difikilté yo kapab jouinn poutèt kondisyon yo-a, sé pou yo fè yo fè youn ak sakrifis koua Granmèt-la.

2359 Moun ki omoséksuèl-yo gin pou minnin yon vi séksuèl byin réglé. Gras a fòs vèrtu métrizé tèt yo-a, k-ap fòmé libèté yo sou paranndan, kèk foua gras a sipò yon rélasion zanmi ki pap chèché sèvi ak yo, gras a

lapriyè-a épi gras a lagras sakréman-yo, yo kapab rivé épi yo doué avansé ofiamézi ak désizion fèm nan pèfeksion lavi krétyin-an.

III. Rinmin-an ant moun ki marié-yo

2360 Séksualité-a fèt pou amou ant yon gason ak yon fi ki marié. Nan
1601 mariaj-la, intimité kò épou-yo ginyin-an tounin yon sign ak yon garanti
 pou yo fè youn nan éspri yo. Ant moun ki batizé-yo, sakréman-an fè kòd
 rapò-yo ki gin nan mariaj-la vîn sin.

2361 « Séksualité-a, ki fè gason-an ak fi-a bay youn lòt pròp tèt-yo
1643, 2332 palintèmediè aksion ki gin plas-yo sèlman ant mouin ki marié-yo, sé pa
 kichòy ki biolojik tou sinpléman, min sa konsèné moun-nan pèsònèlman
 nan sa li ginyin ki pi intim. Séksualité réalizé yon fason ki alarotè sa
 moun-nan yé tout bon-an si li fè pati sa-k akonpli rinmin-an koté gason-an
 ak fi-a angajé yo nèt-alé youn aléga lòt jous yo mouri » (FC 11):

1611 « Tobi lèvé sot sou kabann nan, li di Sara : “Lévé, sè-m nan ! An nou priyé,
 an nou mandé Granmèt nou-an pou-l fè mizèrikòd ak santé rivé sou nou”. Li
 lèvé. Yo kòmansé priyé épi mandé Granmèt la pou-l ba yo santé. Yo
 kòmansé di : “Konpliman pou ou, Granmèt, Bondié papa nou yo, konpliman
 pou non-ou nan tout sièk sièk yo ! Sé pou sièl yo ak tout créatu-ou fè
 konpliman pou ou nan tout sièk tan yo ! Sé ou minm ki té fè Adan épi ou té
 ba li yon èd asiré, Èv, épi apati yo dé-a ras lèzòm vîn fèt. Ou té di li pa bon
 pou moun-nan pou kont li : An nou fè youn èd pou li ki sanblé avèk li.
 Koulié-a minm, sé pa pou chèche plézi sèlman mouin résevoua sè-m sa-a
 min sé nan vérité. Pasé lòd, pou-ou pran pitié pou mouin ak pou li, épi pou
 nou viéyi ansanm an santé”. Yo di : “Amèn, amèn !”. Épi yo dòmi nan nuit
 la » (Tb 8, 4-9).

2362 « Aksion-yo ki fè épou yo fè youn nan intimité yo yon fason ki byin
 réglé sé aksion ki onèt épi ki dign. Lè yo viv yo yon fason ki alarotè sa
 moun-nan yé tout bon vré, yo indiké épi yo favorizé kado youn fè lòt-la
 koté épou-yo anrichi youn lòt nan kè kontan ak rékonésans » (GS 49, § 2).
 Séksualité-a sé yon sous kontantman ak plézi :

 « Sé Kréatè-a li-minm [...] ki établi pou nan fonksion [transmèt lavi-a]
 moun ki marié-yo santi yon plézi ak yon satisfaksion nan kò yo ak nan léspri
 yo. Donk, moun ki marié-yo pa fè anyin ki mal lè yo chèche plézi sa-a ak lè
 yo joui-l. Yo aksépté sa Kréatè-a té mété pou yo. Poutan moun ki marié-yo
 doué aprann rété nan limit yon modérasion ki kòrèk » (Pie XII, discours 29
 octobre 1951).

2363 Antan épou-yo fè youn-nan sé doub finalité mariaj-la ki réalizé : byin
 épou-yo minm épi transmission lavi-a. Yo pa kapab séparé doub
 signifkasion sa-a, doub valè mariaj-la ginyin-an san yo pa dékonstonbré
 lavi spirituèl dé moun ki marié-yo ni san yo pa mété byin ki nan mariaj-la
 ak avni fanmi-an an danjé.

Konsa, amou ant mésié-a ak madanm marié-a anba yon doub égzijans fidéлитé ak fékondité (*kapab donnin frui*).

1646-1648

Fidéлитé moun marié-yo

2364 Dé moun ki marié-yo fòmé « yon kominoté lavi ak rinmin intim
1603 Kréatè-a fondé antan li établi prinsip li-yo, li mété aliens mariaj-la sètadi yon konsantman yo bay pèsonèlman épi ki irévokab-la » (GS 48, § 1). Toulèdé youn bay lòt pròp tèt-li définitivman épi totalman. Yo pa dé ankò, min sé yon sèl chè yo tounin. Aliens kontra sa-a épou yo fè libréman-an mété yo nan obligasion pou yo kinbé-l fè yon sèl san-l pa kapab défèt (cf. CIC, can. 1056). « Sa Bondié mété ansanm pou fè youn,
1615 moun pa gin doua séparé-l » (Mc 10, 9 ; cf. Mt 19, 1-12 ; 1 Co 7, 10-11).

2365 Fidéлитé-a fè ouè kijan san rété moun-yo kinbé paròl yo té bay-la.
1640 Bondié fidèl. Sakréman mariaj-la fè gason-an ak fi-a antré nan fidéлитé Kris-la aléga l'Égliz li-a. Antan yo viv yon séksualité byin réglé nan mariaj-la, yo rann mistè sa-a témouagnaj dévan tout moun.

S. Jan Krizostòm invité mésié ki fèk marié-yo palé konsa ak madanm yo : « Mouin anbrasé-ou, é mouin rinmin-ou, é mouin pito-ou pasé lavi-m. Paské lavi kounié-a pa anyin, épi m-ap priyé, m-ap fè éfò, m-ap fè tout bagay, pou nou viv lavi kounié-a si byin, yon fason pou nou gin asirans nou n-ap kapab antré ansanm nan lavi sièk k-ap vini-an. [...] Mouin mété rinmin-ou nan anlè tout lòt ; épi pa gin anyin ki pi térib pou mouin pasé pou-m t-a janm séparé ak ou » (hom. in Eph. 20, 8 : PG 62, 146-147).

1652-1653

Fékondité mariaj-la

2366 Fékondité-a (*rivé anfanté-a*) sé yon don, yon kado, yon *finalité mariaj-la*, paské rinmin-an nan mariaj-la natirèlman li bézouin donnin frui. Timoun-nan pa soti déyò pou-l vîn ajouté sou rinmin épou-yo gin youn pou lòt-la ; yo jayi soti nan kè bay youn bay lòt-la pròp tèt li-a antan yo sé frui-l ak akonplisman-l. Sé poua l'Égliz-la ki « ap défann lavi » (FC 30), anségné « *tout aksion mariaj-la* doué rété ouvè nan li-minm pou transmèt lavi-a » (HV 11). « Ansègnman sa-a, sé pliziè foua Majistè Égliz-la ékspozé-l, li fondé sou rapò ki pa kapab défèt-la Bondié té établi-a, sa moun-nan pa kapab désidé kasé-a ant toulèdé signifkasion aksion mariaj-la : fè youn ansanm-nan épi transmèt lavi-a » (HV 12 ; cf. Pie XI, enc. "Casti connubii").

2367 Kòm yo rélé yo pou yo bay lavi, moun ki marié-yo patisipé nan
2205 puisans Kréatè-a ak nan Patènitè Bondié-a (cf. Ep 3, 14-15 ; Mt 23, 9). « Nan dévoua yo ginyin pou transmèt lavi-a épi édiké pitit-yo, bagay yo doué konsidéré kòm pròp mision pa-yo, moun ki marié-yo konnin sé *koopératè rinmin Bondié Kréatè-a* yo yé tankou intèprèt-li. Sé pou sa, sé pou yo ranpli fonksion yo ak réponsabilité kòm moun épi kòm krétyin » (GS 50, § 2).

2368 Yon aspè spésial nan responsabilité sa-a sé sa ki konsèné *byin réglé transmision lavi-a*. Pou rézon ki kòrèk épi valab (cf. GS 50), moun ki marié-yo gin doua vlé kite tan pasé ant nésans pitit yo. Sé pou yo vérifié si sa yo vlé-a sé pa yon fòm égoysm (rinmin avèg pou pròp tèt pa-yo) min li konfòm ak ouvèti kè ki douat épi yon patènitè ki responsab. An plis yo doué réglé konpòtman yo dapré kritè moral ki objéktif :

« Karaktè moral [...] konpòtman yo doué ginyin lè y-ap mété amou ant dé moun marié-yo ansanm avèk transmision lavi-a yon fason ki responsab, yo pa doué détèminé-l kòm si sa t-a dépann sèlman dé sinsérité intansion-an ak konsidérasion motivasion moun-yo kapab ginyin, min yo doué détèminé-l dapré kritè objéktif ki fondé sou natu moun-nan minm épi sou natu akt li-yo ki doué respékté signifkasion intégral don youn fè bay lòt-la épitou transmision lavi moun-nan nan yon kontèks rinmin tout bon ; sa pa kapab rivé fèt si yo pa pratiké vèrtu vi séksuèl byin réglé nan mariaj-la ak yon kè sinsè » (GS 51, § 3).

2369 « Sé lè yo sovgadé toulèdé aspè ésansiyèl sa-yo, fè youn épi transmèt lavi (union et procréation), aksion mariaj-la konsèvé an antié signifkasion li ginyin kòm rinmin youn pou lòt tout bon vré épi finalité li ginyin pou vokasion patènitè-a koté yo rélé moun-nan » (HV 12).

2370 Ni kontinans périodik-la, ni métòd pou réglé nésans-yo antan nou obsèvé pròp tèt-nou, ni sèvi ak périod ki pa fètil-yo (cf. HV 16), sa dakò ak kritè moral objéktif-yo. Métòd sa-yo respékté kò moun ki marié-yo, yo ankourajé tandrès-la nan rapò yo épi yo favorizé pou youn édiké lòt vîn lib tout bon vré. Okontrè, « tout aksion k-ap chèché kòm finalité oubyin kòm mouayin pou-l fè li inposib pou transmèt lavi-a, soua an prévizion akt konjugal-la, soua nan déroulman-l, soua nan dévlopman konsékans natirèl li-yo » (HV 14), yo mové nan yo-minm minm :

« Anfas langaj ki déklaré natirèlman don épou-yo fè youn bay lòt totalman-an, kontrasépsion-an mété anpèchman yon langaj ki réyèlman kontrè koté pa gin késion bay lòt-la pròp tèt-ou totalman-an : konsékans-la sèk éféktivman é konsiaman yo réfizé ouvri pou transmèt lavi-a, épitou sa fè vérité intim rinmin mariaj-la vîn yon vrè manti, paské li fèt pou don total moun-nan toutantié. [...] Sou plan sa moun-nan yé-a (antropolojik) ak sou plan moral-la, diférens ki ginyin ant kontrasépsion-an, sou yon bò, épi konsidérasion ritm périodik-la, sou yon lòt bò [...], sipozé dé fason diféran pou konsidéré ni moun-nan ni séksualité-l, dé vizion sa-yo pa kapab akòdé youn ak lòt » (FC 32).

2371 « Dayè sé pou sa klè pou tout moun, lavi moun-nan ak fonksion pou transmèt li-a, yo pa kapab rédui-l sèlman a sièk sa-a ni non plis sé pa la sèlman pou yo méziré-l oubyin konprann li, min yo doué toujou konsidéré-l an fonksion *déstiné étènèl moun-nan* » (GS 51, § 4).

1703

2372 Léta gin responsabilité pou sitouayin-l yo viv byin. Poutèt sa, sa akséptab pou-l intèvni nan orienté kouasans popilasyon-an. Li kapab fè sa

2209 palintèmediè yon infòmasyon ki onèt épi ki respékté moun, min li pa kapab fè-l antan li inpozé otorité-l épi l-ap fòsé moun. Sa pa akséptab pou-l t-a pran plas désizyon épou-yo, yo minm ki premié responsab nan transmèt lavi-a ak nan édikasyon pitit yo (cf. PP 37 ; HV 23). Nan domèn sa-a li pa gin otorité pou-l intèvni ak mouyain ki kontrè ak laloua moral la.

Timoun-nan sé yon kado (Le don de l'enfant)

2373 Sint Ékritu-a ak pratik tradision l'Égliz-la konsidéré *fanmi ki gin anpil pitit-yo* kòm yon sign bénédiksyon Bondié ak ouvèti kè paran yo (cf. GS 50, § 2).

2374 Sé yon gran soufrans sa yé pou dé moun ki marié dékouvri yo pa 1654 kapab fè pitit. « Abram di : « Granmèt Bondié, ki sa ou-ap ban mouin ? M-apralé san pitit... » (Gn 15, 2). Rachèl di mari-l, Jakòb : « Ban-m pitit ; otréman, mouin mèt mouri » (Gn 30, 1).

2375 Yo doué ankourajé réchèch k-ap fèt pou édé moun ki stéril-yo fè pitit, 2293 min a kondision y-ap mété réchèch sa yo « nan sèvis moun-nan kòm moun, nan sèvis doua li ginyin yo pa kapab nié-l yo, nan sèvis vrè byin-l toutantié, dapré projè ak volonté Bondié-a » (CDF, instr. "Donum vitæ" intr. 2).

2376 Téknik ki antréné séparasyon paran yo palintèmediè intèvansyon yon moun ki pa youn nan dé moun marié-yo (don spèrm oubyin ovosit, lokasyon matris) sé bagay ki gravman malonèt. Téknik sa-yo (inséminasyon épi fékondasyon atifisièl étérològ) pilonnin doua timoun ginyin pou-l pran nésans apati yon papa ak yon manman li konnin épi ki angajé youn ak lòt nan mariaj-la. Yo trayi « doua épou-yo ginyin pou sé sèlman youn palintèmediè lòt yo vîn papa ak manman » (CDF, instr. "Donum vitæ" 2, 1).

2377 Lè yo pratiké yo ant dé moun ki marié, téknik sa yo (inséminasyon épi fékondasyon atifisièl omològ) t-a kapab pétèt mouins domaj, min yo toujou pa akséptab moralman. Yo séparé akt séksuèl-la parapò akt transmision lavi-a. Lè sa-a akt ki nan fondasyon égzistans timoun-nan sé pa akt koté dé moun ap bay youn lòt tout yo minm-nan, téknik sa yo « rinmèt lavi ak idantité anbriyon-an nan min pouvoua médsin-yo ak biolojist-yo, konsa sé dominasyon réalité téknik-la ki vîn établi sou orijîn ak déstiné lavi moun-nan. Rélation dominasyon sa-a kontrè nan li-minm ak dignité épi égalité paran-yo ak timoun-yo doué ginyin an komin-an » (cf. CDF, instr. "Donum vitæ" 2, 5). « Transmision lavi-a vîn pèdi sou plan moral-la pròp pèféksyon li t-a doué ginyin-an, lè yo pa vlé-l kòm frui akt konjugal-la, sètadi jès spésifik koté épou-yo fè youn-nan. [...] An plis, sé sèlman lè yo respékté rapò ki ginyin ant signifkasyon akt konjugal-la ak respè inité moun-nan kòm moun y-ap pèmèt yon transmision lavi ki konfòm ak dignité moun-nan » (CDF, instr. "Donum vitæ" 2, 4).

2378 Timoun-nan pa *yon bagay yo doué-m*, min sé *yon kado yo fè-m*. « Kado ki pi bon mariaj-la ba nou » sé yon moun. Yo pa kapab konsidéré timoun-nan kòm yon bagay yo posédé, sé la sa yo rélé « doua pou gin pitit-la » (droit à l'enfant) ap minnin si yo t-a aksépté-l. Nan domèn sa-a, sé timoun-nan sèlman ki gin doua tout bon : doua « pou-l frui akt spésifik amou konjugal paran-l yo, épitou doua pou yo réspékté-l kòm moun dépi premié moman li fòmé nan vant (conception) » (CDF, instr. "Donum vitæ" 2, 8).

2379 Évanjil-la fè ouè stérilité fizik-la pa yon mal absolu. Lè épou-yo fin chèche mouayin ki kòrèk nan konésans médsin-yo san yo pa jouinn rézilta antan yo pa rivé gin fètilité-a, sé pou yo asosié-yo ak Koua Granmèt-la, sous tout fékondité (*kapasité donnin frui*) spirituèl. Yo kapab montré ouvèti kè yo antan yo adopté timoun ki abandoné oubyin antan yo rann lòt moun sèvis ki mandé éfò.

IV. Kout-ba kont dignité mariaj-la

2380 *Adiltè-a*. Mo sa-a vlé di infidélité nan mariaj-la. Lè dé moun, antan omouin youn nan yo marié, antré nan rélasyon séksuèl, minm yon fason pasajé, yo fè adiltè. Kris-la kondané adiltè-a minm lè sé yon sinp anvì (cf. Mt 5, 27-28). Sizièm kòmandman-an ak Nouvo Téstaman-an kondané adiltè-a yon fason san réstriksion (cf. Mt 5, 32 ; 19, 6 ; Mc 10, 12 ; 1 Co 6, 9-10). Profèt-yo té dénonné jan li grav. Nan adiltè-a yo té ouè yon imaj péché idolatri-a (cf. Os 2, 7 ; Jr 5, 7 ; 13, 27).

1611

2381 Adiltè-a sé yon injistis. Moun ki fè-l la pa réspékté angajman-l yo. Li kasé sign Alians-la ki kòd rapò mariaj-la, li déréspékté doua lòt konjouin-an épi li andomajé réalité mariaj-la antan-l dézonoré kontra ki fondé-l la. Li mété ni transmision lavi-a ni timoun-yo an danjé, paské yo bézouin paran-yo fè youn yon fason stab.

1640

Divòs-la

2382 Granmèt Jézu insisté pou-l déklaré sa-k té intansion Kréatè-a nan kòmansman-an lè-l té vlé pou mariaj-la pa kapab défèt la (cf. Mt 5, 31-32 ; 19, 3-9 ; Mc 10, 9 ; Lc 16, 18 ; 1 Co 7, 10-11). Li éliminé tout tolérans ki té glisé nan ansyin laloua-a (cf. Mt 19, 7-9).

1614

Ant dé moun ki batizé, « mariaj ki sélébré épi ki konsomé pa gin okinn pouvoua lèzòm ni okinn kòz ki kapab défèt li, sof lanmò » (CIC, can. 1141).

2383 *Séparasion* ant dé épou-yo, antan yo toujou kinbé kòd rapò mariaj-la, sa kapab akséptab nan kèk ka yo prévoua nan Doua kanonik-la (cf. CIC, cann. 1151-1155).

1649

Si divòs sivil-la kapab sèl fason pou asiré kèk doua léjitim, pou souin timoun-yo oubyin défans byin fanmi-an, yo kapab toléré-l san-l pa yon fot moral koupab.

- 2384 *Divòs-la sé yon gro kout-ba kont loua natirèl-la. Li prétann kasé*
1650 *kontra-a épou-yo té fè pou yo viv youn pou lòt jous nan lanmò. Divòs-la*
pa respékté Alians ki sovè nou-an, sa mariaj-la sé sign li-an kòm
sakrèman. Si y-al fè yon lòt kontra, minm si laloua sivil rékonèt li, sa
ajouté nan gravité domaj séparasion-an: lè sa-a konjouin ki rémarié-a nan
yon sitiasion adiltè piblik an pèmanans :

« Mésié marié-a pa gin doua, apré li fîn ranvouayé madanm-li, pou-l marié ak yon lòt : ni sa pa kòrèk non plis pou fi ki séparé ak mari-l la vîn tounin madanm yon lòt » (S. Basile, moral. règle 73 : PG 31, 849D-853B).

- 2385 *Karaktè immoral divòs-la soti tou nan dézòd li mété nan nouayo*
fanmi-an ak nan sosiété-a. Dézòd sa-a gin domaj grav: pou konjouin-an ki
abandoné; pou timoun-yo ki tromatizé poutèt séparasion paran-yo antan
pafoua yo pa konn ak kiyès pou yo yé; pou kontaminasion li antréné ki fè-
l sé yon plè sosial.

- 2386 *Sa ka rivé pou youn nan konjouin-yo sé viktim inosan yon divòs laloua*
sivil-la déklaré; lè sa-a li pa an kontravansion ak prinsip moral-la. Gin yon
gran diférans ant yon konjouin ki té fè sinsèman tout éfò-l té kapab pou-l
fidèl nan sakrèman mariaj-la épi ki ouè yo abandoné-l injistèman, épi yon
1640 *lòt ki, poutèt yon fot grav li té komèt, détrui yon mariaj ki té valid*
kanonikman. (cf. FC 84).

Lòt kout-ba kont dignité mariaj-la

- 2387 *Nou kapab konprann dram yon moun ki vlé konvèti pou-l viv dapré*
Évanjil-la épi ki ouè li oblijé ranvouayé youn ou pliziè madanm li té viv
1610 *avèk yo kòm mari pandan pliziè lané. Poutan poligami-an pa an akò ak*
laloua moral-la. Li « an opozision radikal ak kominion mariaj-la:
réyèlman yon fason dirèk li sé négasion projè Bondié-a jan-l té révéle-l
nan kòmansman-an; li kontrè ak égalité dignité gason-an ak fi-a kòm
moun, antan yo bay youn lòt pròp tèt yo toutantié nan yon rinmin ki vîn,
poutèt sa minm, spésial épi éksklizif » (FC 19 ; cf. GS 47, § 2). Si yon
krétyin té poligam anvan, sé an tout jistis sériézman li doué respékté
obligasion li té ginyin aléga ansyin madanm li-yo ak pitit li-yo.

- 2388 *Insèst-la sé rélasion intim ant moun ki gin minm san oubyin ki pròch*
2356 *paran nan yon degré ki intèdi mariaj antré yo (cf. Lv 18, 7-20). Sin Pòl*
maké ak fè rouj jan fot sa-a koupab poutèt li spésialman grav : « Tout
koté yo tandé palé sou késion fònikasion nan pami nou... atèl pouin yon
moun an afè ak madanm papa-l! ...O non Granmèt nou Jézu-Kri... sé pou
nou rinmèt kalité moun sa-a nan min Satan pou chè-a détrui » (1 Co 5, 1.

- 2207 4-5). Insèst-la dékonstonbré rélasyon-yo nan fanmi-an épi indiké yon dégradasion ki sanblé ak konpòtman bèt.
- 2389 Yo kapab mété sou minm ran ak insèst-la tout abi séksuèl adult fè sou timoun oubyin jèn ki anba kontròl yo. Lè sa-a sé yon doub fot paské sé 2285 yon skandal yo fè sou intégrité fizik é moral jèn-yo, sa ap maké yo pandan tout lavi yo, épi sé yon mank respè parapò a résponsabilité édikasion-an.
- 2390 Gin *injon lib* (jonksion lib) lè yon gason ak yon fi ap viv yon rélasyon 1631 ki gin intimité séksuèl ladan-l épi yo réfizé ba li yon fòm jiridik é piblik.
- Fason yo rélé bagay sa-a sé yon tronpri: sa sa vlé di yon injon koté moun-yo pa angajé youn ak lòt vré épi yo montré yo pa gin konfians ni youn nan lòt ni nan yo-minm ni nan avni-an ?
- Gin diféran sitiasion yo kouvri ak non sa-a: plasaj, réfizé mariaj-la minm, inkapasité pou pran yon angajman ki diré (cf. FC 81). Tout sitiasion sa-yo sé gro kout-ba kont dignité mariaj-la; yo détrui sa réalité fanmi-an minm yé-a; yo afébli sans fidéлитé-a. Yo kontrè laloua moral-la: 2353 akt séksuèl-la sé nan mariaj-la sèlman éksklizivman yo doué fè-l; andéyò mariaj-la, sé toujou yon péché grav ki anpéché résévoua lakominion-an 1385 nan sakréman-an (moun-nan pèdi lakominion).

RÉZIMÉ

- 2392 « *Rinmin-an sé vokasion prinsipal épi natirèl ninpòt ki moun* » (FC 11).
- 2393 *Antan Bondié kréyé moun-nan kòm kréati ki gason ak fi, li té bay toulèdé égalité nan dignité kòm moun-nan. Sé résponsabilité chak moun, gason oubyin fi, pou-l rékonèt épi aksépté idantité séksuèl-li.*
- 2394 *Kris-la sé modèl vi séksuèl byin réglé-a. Tout moun ki batizé gin vokasion pou-l minnin yon vi séksuèl byin réglé, chak moun dapré pròp kondision lavi li.*
- 2395 *Vi séksuèl byin réglé-a vlé di intégré séksualité-a nan pèsonalité moun-nan. Li gin ladan-l pou moun-nan aprann métrizé pròp tèt li-a.*
- 2396 *Pami péché grav ki kontrè ak vi séksuèl byin réglé-a, yo doué sité “masturbation”-an (pran plézi séksuèl pou kont ou-a), fònikasion-an, pònografi-a épi pratik omoséksuèl-yo.*
- 2397 *Kontra aliens-la, sa dé épou-yo fè an tout libèté-a, sipozé fidéлитé rinmin-an. Sa ba yo obligasion pou yo kinbé mariaj yo-a ki pa kapab défèt-la.*

- 2398 *Fékondité-a (rivé anfanté-a) sé yon byin mariaj-la, sé kado-l, sé pou sa-l fèt. Lè moun ki marié-yo transmèt lavi-a, yo patisipé nan patènitè Bondié-a.*
- 2399 *Réglé nésans timoun-yo sé youn nan aspè responsabilité papa-a ak manman-an. Bòn intansyon épou-yo pa jistifié pou yo t-a pran mouayin ki pa akséptab moralman (parégzanp ak stérilizasyon dirèk oubyin ak kontrasépsion).*
- 2400 *Adiltè ak divòs, poligami ak plasaj (injon lib) sé gro kout-ba kont dignité mariaj-la.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
apré-a](#)